EFEKTIFITAS STRATEGI *CROSSWORD PUZZLE* KANGGE NINGKATAKEN KAPRIGELAN MAOS LAN NYERAT WACANA AKSARA JAWI

(Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016)

TESIS

Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat

Magister Program Studi Magister Pendidikan Bahasa

Kaanggit Dening

Yantilah

NIM 15 PSC 01701

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2017

PASARUJUKAN

EFEKTIFITAS STRATEGI *CROSSWORD PUZZLE* KANGGE NINGKATAKEN KAPRIGELAN MAOS LAN NYERAT WACANA AKSARA JAWI

(Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016)

Dening

Y a n t i l a h

NIM 15 PSC 01701

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

	Tapak Asma	Tanggal
Pamong 1 Dr.Sudaryanto NIK.691 2002 258	.....	23/2 '17
Pamong 2 Dr.Iswan Riyadi,M.M. NIP.19600401 198611 1 001	.....	23/2 '17

Kauningan,

Ketua Program Studi

Dr H.D.S. Putut Setiyadi, M. Hum.

NIP. 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

EFEKTIFITAS STRATEGI *CROSSWORD PUZZLE* KANGGE NINGKATAKEN KAPRIGELAN MAOS LAN NYERAT WACANA AKSARA JAWI

(Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016)

Dening

Y a n t i l a h

NIM 15 PSC 01701

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji :

Jabatan	**Nama**	**Tapak Asma**	**Tanggal**
Pangarsa	: Dr.D.B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP. 19600412 198901 1 001	.....	.....
Panitra	: Dr. Hersulastuti, M.Hum. NIP. 19650421 198703 2 002	.....	.....
Panguji I	: Dr.Sudaryanto NIK.691 2002 258	.....	05/17
Panguji II	: Dr.Iswan Riyadi,M.M. NIP.19600401 198611 1 001	.....	.....

Kauningan,

Direktur Program Pascasarjana	Ketua Program Studi
Prof. Dr. Herman J. Waluyo	Dr H.D.B. Putut Setiyadi, M. Hum.
NIP. 19690115345	NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula :

Nama	: Yantilah
NIM	: 15 PSC 01701
Jurusan / Program Studi	: Magister Pendidikan Bahasa
Fakultas	: Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun :

Efektifitas Strategi Crossword Puzzle Kangge Ningkataken Kaprigelan Maos lan Nyerat Wacana Aksara Jawi, Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* menika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika mboten leres kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Wonosobo, 28 Januari 2017

Ingkang damel pratela

METERAI TEMPEL 826D5AEF480356467 6000 ENAM RIBU RUPIAH

Yantilah

MOTTO

Gayuhana kawruh dene kanggo panggayuhe sinaua anteng lan sabar

(Khalifah _Umar)

Kawruh kuwi luwih becik tinimbang bandha. Kawruh bakal ngreksa kowe lan bandhamu. Bandha bakal suda yen diblanjakna ananging kawruh bakal tambah menawa diblanjakna.

(Sayidina Ali bin Abi Thalib)

Jupukana pamrayoga becik saka soksapaa sing catur sanajan dheweke ora nindakna.

(Imam Baqir. A.s.)

Soksintena tiyang ingkang mboten ngendhaleni paningalipun, manahipun mboten wonten reginipun.

(Khalifah Ali bin Abi Thalib)

PISUNGSUNG

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng :

1. Keluarga ageng Almarhum Bapak Rachmad ingkang tansah paring panjurung dhateng panyerat anggenipun ngudi kawruh
2. Keluarga kinasih, semah kula Suparwanto lan anak, Alifandi Agusta Widyanto lan Oktarizal Rizki Widyanto ingkang tansah sabar lan asung dedonga
3. Kanca-kanca nunggil pakaryan, SMP N 2 Mojotengah ingkang paring iguh pratikel
4. Kanca-kanca nunggil angkatan ingkang tansah saiyeg saekapraya anggenipun njembaraken seserepan

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Allah SWT ingkang Mahakawasa amargi lumebering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis ingkang irah-irahanipun –Efektifitas Strategi *Crossword Puzzle* Kangge Ningkataken Kaprigelan Maos lan Nyerat Wacana Aksara Jawi (Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016)‖. Tesis menika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Karana tesis punika sampun cekap, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring *fasilitas*.
2. Prof. Dr. Herman J.Waluyo, M.Pd. Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. H. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum. Ketua Program Studi Pendidikan, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis punika.
4. Dr. Sudaryanto minangka dosen pamong I, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebeting nyekapaken tesis punika.
5. Dr. Iswan Riyadi, M.M., minangka dosen pamong 2, ingkang sampun paring panuntun kanthi sabar lan tlatos.

6. Muhtarom, S.Pd., M.Pd. Kepala SMP Negeri 2 Mojotengah, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpangarsani.
7. Sedaya pehak ingkang mboten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis punika saged mawujud.

Panaliti sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis punika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Pramila panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Wonosobo, 28 Januari 2017

Panaliti

Yantilah
NIM.15PSC01701

DHAFTAR ISI

PASARUJUKAN……..... ii

PANGESAHAN…..……..... iii

PRATELA …….……..... iv

MOTTO ....……..... v

PISUNGSUNG.……..... vi

ATUR PANGLANTAR……..... vii

DHAFTAR ISI.……..... ix

DHAFTAR LAMPIRAN...……..……..... xiv

DHAFTAR TABEL……..……..... xvii

DHAFTAR GAMBAR..... xviii

SARIPATHI……..... xix

ABSTRAK……..... xx

ABSTRACT……..... xxi

BAB I PURWAKA……..... 1

A. Lelarahing Prakawis……..... 1

B. Idhentitasing Prakawis……..... 6

C. Rumusaning Prakawis……..... 7

D. Ancasing Panaliten……..... 8

E. Mumpangating panaliten……..... 8

BAB II LAMBARAN TEORI, PANALITEN INGKANG GAYUT,

RAGANGANING PAMIKIR LAN HIPOTESIS PANALITEN..... 9

A. Lambaran Teori 9

1. Sinau lan Pasinaon 9

2. Asil Sinau……..... 11

3. Strategi Pasinaon……..... 13

a. *Crossword Puzzle* ……..... 13

b. Unggulipun Pasinaon lumantar *Crossword Puzzle* Aksara Jawi..... 14

c. Kakiranganipun *Crossword Puzzle* ……..... 16

d. Tumapakipun Pasinaon *Crossword Puzzle*……..... 16

4. Kaprigelan Maos……..... 17

5. Kaprigelan Nyerat……..... 18

6. Pasinaon Aksara Jawi……..... 19

a. Aksara Legena……..... 21

b. Aksara Sandhangan……..... 22

c. Aksara Swara……..... 23

d. Angka Jawi ……..... 24

e. Aksara Rekan……..... 25

B. Panaliten Ingkang Gayut……..... 25

C. Raganganing Pamikir……..... 26

D. Hipotesis Panaliten……..... 28

BAB III METODOLOGI PANALITEN……..... 29

A. Wujud lan Strategining panaliten……..... 29

B. Objek, Papan, saha Wekdaling Panaliten……..... 31

1. Objek Panaliten……..... 31

2. Papan Panaliten……..... 31

3. Wekdal Panaliten……..... 31

C. Variabel Panaliten……..... 33

1. Variabel Bebas……..... 33

2. Variabel Terikat……..... 33

D. Definisi Operasional……..... 33

E. Populasi saha Sampel Panaliten……..... 34

1. Populasi……..... 34

2. Pamendhetipun Sampel ……..... 34

F. Teknik Pangempalipun Dhata ……..... 35

G. Validitas Dhata……..... 36

1. Uji. Validitas……..... 36

2. Uji Reliabilitas……..... 37

3. Uji Tingkat Ewedipun Soal……..... 38

4. Uji Daya Beda Soal……..... 39

H. Teknik Pangonceking Dhata……..... 40

1. Uji Validitas……..... 40

2. Uji Reliabilitas……..... 40

3. Uji Homogenitas……..... 41

4. Uji Normalitas……..... 41

5. Uji Hipotesis……..... 41

BAB IV PIKANTUKIPUN DHATA SAHA PANGONCEKIPUN..... 43

A. Dhata ingkang Kapanggihaken……..... 43

1. Dhata Tes Kawitan Kelas Eksperimen lan Kelas Kontrol..... 44

2. Lumampahipun Pasinaon ……..... 45

a. Pasinaon wonten Kelas Eksperimen……..... 45

1) Pepanggihan Kapisan……..... 45

2) Pepanggihan Angka Kalih……..... 47

3) Pepanggihan Angka Tiga……..... 49

b. Pasinaon wonten Kelas Kontrol……..... 51

1) Pepanggihan Kapisan……..... 51

2) Pepanggihan Angka Kalih……..... 53

3) Pepanggihan Angka Tiga……..... 54

3. Paleksanan Tes Pungkasan Kelas Eksperimen lan Kelas Kontrol..... 56

B. Pangonceking Dhata……..... 57

1. Pangonceking Dhata Asil Sinau……..... 57

a. Dhata Asil Uji Cobi Soal……..... 57

b. Dhata Biji Tes Kawitan……..... 57

1) Biji Kelas Eksperimen……..... 58

2) Biji Kelas Kontrol……..... 58

c. Dhata Biji Tes Pungkasan……..... 59

1) Biji Kelas Eksperimen……..... 59

2) Biji Kelas Kontrol……..... 60

2. Uji Prasyarat Pangonceking Dhata……..... 61

a. Uji Normalitas……..... 62

b. Uji Homogenitas……..... 63

3. Pangonceking Dhata Pungkasan (Uji Hipotesis)……..... 64

BAB V PANUTUP..... 66

A. Dudutan……..... 66

B. Implikasi……..... 66

C. Saran……..... 69

KAPUSTAKAN..... 71

LAMPIRAN..... 74

DHAFTAR LAMPIRAN

Lampiran Lembar

1. Silabus KD Maos Kelas Eksperimen..... 74
2. Silabus KD Nyerat Kelas Eksperimen..... 75
3. Silabus KD Maos Kelas Kontrol..... 76
4. Silabus KD Nyerat Kelas Kontrol..... 77
5. RPP KD Maos Kelas Eksperimen..... 78
6. RPP KD Nyerat Kelas Eksperimen..... 86
7. RPP KD Maos Kelas Kontrol..... 91
8. RPP KD Nyerat Kelas Kontrol..... 99
9. Kisi-kisi Soal Uji Cobi..... 103
10. Soal Uji Cobi..... 104
11. Kunci Wangsulan Soal Uji Cobi..... 108
12. Dhaftar Siswa Kelas Uji Cobi..... 109
13. Dhata Asil Uji Coba Soal..... 110
14. Asil Uji Validitas Soal Uji Cobi..... 111
15. Asil Uji Reliabilitas Soal Uji Cobi..... 113
16. Asil Uji Tingkat Kaewedan Soal..... 114
17. Asil Uji Daya Beda Soal Uji Cobi..... 115
18. Dhaftar Siswa Kelas Eksperimen..... 116
19. Dhaftar Siswa Kelas Kontrol..... 117
20. Soal Tes Kawitan lan Tes Pungkasan..... 118
21. Kunci Wangsulan Soal Tes Kawitan lan Tes Pungkasan..... 120
22. Biji Pretest Kelas Eksperimen..... 121

23. Biji Pretest Kelas Kontrol..... 122
24. Biji Posttest Kelas Eksperimen..... 123
25. Biji Posttest Kelas Kontrol..... 124
26. Uji Normalitas Biji Tes Pungkasan..... 125
27. Uji Homogenitas Biji Tes Pungkasan..... 126
28. Asil Uji Hipotesis..... 127
29. LKS Pertemuan 1 Kelas Eksperimen..... 128
30. Biji Tugas KD Maca Pepanggihan I Kelompok Eksperimen..... 129
31. Asil Pakaryan Kelompok KD Maca Pepanggihan I Kelas Eksperimen..... 130
32. LKS Pertemuan 2 Kelas Eksperimen..... 132
33. Biji Tugas KD Maca Pepanggihan II Kelompok Eksperimen..... 133
34. Asil Pakaryan Kelompok KD Maca Pepanggihan II Kelas Eksperimen..... 134
35. LKS Pertemuan 3 Kelas Eksperimen..... 136
36. Biji Tugas KD Nulis Kelompok Eksperimen..... 137
37. Asil Pakaryan Kelompok KD Nulis Kelas Eksperimen..... 138
38. LKS Pertemuan 1 Kelas Kontrol..... 140
39. Biji Tugas KD Maca Pepanggihan I Kelompok Kontrol..... 141
40. Asil Pakaryan Kelompok Pepanggihan I Kelompok Kontrol..... 142
41. LKS Pertemuan 2 Kelas Kontrol..... 144
42. Biji Tugas KD Maca Pepanggihan II Kelompok Kontrol..... 145
43. Asil Pakaryan Kelompok Pepanggihan II Kelompok ontrol..... 146
44. LKS Pertemuan 3 Kelas Kontrol..... 148
45. Biji Tugas KD Nulis Kelompok Kontrol..... 149
46. Asil Pakaryan KD Nulis Kelompok Kontrol..... 150

47. Soal Evaluasi Pepanggihan Angka I..... 152

48. Kunci Wangsulan Soal Evaluasi Pepanggihan Angka I..... 153

49. Biji Evaluasi KD Maca Pepanggihan I Kelas Eksperimen..... 154

50. Biji Evaluasi KD Maca Pepanggihan I Kelas Kontrol 155

51. Soal Evaluasi Pepanggihan Angka II..... 156

52. Kunci Wangsulan Soal Evaluasi Pepanggihan Angka II..... 157

53. Biji Evaluasi KD Maca Pepanggihan II KelasEksperimen..... 158

54. Biji Evaluasi KD Maca Pepanggihan II Kelas Kontrol..... 159

55. Soal Evaluasi KD Nulis Kelas 160

56. Kunci Wangsulan Soal Evaluasi KD Nulis..... 161

57. Biji Evaluasi KD Nulis Kelas Eksperimen..... 162

58. Biji Evaluasi KD Nulis Kelas Kontrol..... 163

59. Photo Tumapaking Pasinaon Wonten Kelas Eksperimen..... 164

60. Surat Keterangan Palaksanan Panaliten 170

61. Surat ijin Permohonan Panaliten 171

DHAFTAR TABEL

Tabel Lembar

2.1. SK lan KD Pasinaon Basa Jawi SMP..... 19

2.2. Aksara Legena..... 21

2.3. Aksara Pasangan..... 21

2.4. Sandhangan Swara 22

2.5. Sandhangan Panyigeg Wanda..... 22

2.6. Sandhangan Wyanjana..... 23

2.7. Aksara Swara 24

2.8. Angka Jawi..... 24

2.9. Aksara Rekan..... 25

3.1. Jadwal Panaliten..... 32

3.2. Soal ingkang valid lan mboten..... 37

4.1. Distribusi frekuensi biji tes kawitan kelas eksperimen..... 58

4.2. Distribusi frekuensi biji tes kawitan kelas kontrol..... 59

4.3. Distribusi frekusensi biji tes pengkasan kelas eksperimen..... 60

4.4. Distribusi frekuensi biji tes pungkasan kelas kontrol..... 61

4.5. Normalitas dhata tes pungkasan..... 62

4.6. Homogenitas dhata..... 63

4.7. Asil uji hipotesis..... 64

DHAFTAR GAMBAR

Gambar Lembar

1. Tuladha *Crossword Puzzle* Aksara Latin 5

2. Tuladha *Crossword Puzzle* Aksara Jawi 6

3. Raganganing Pamikir..... 27

4. Tumapaking Panaliten..... 30

SARI PATHI

Yantilah. *Efektifitas Strategi Crossword Puzzle Kangge Ningkataken Kaprigelan Maos lan Nyerat Wacana Aksara Jawi, Studi Eksperimen Wonten Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Taun 2015-2016.* Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasrjana, Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Satunggalipun pasinaon muatan lokal wonten tataran SMP provinsi Jawa Tengah inggih menika Basa Jawi. Pasinaon Basa Jawi mliginipun wonten SMP N 2 Mojotengah sadangunipun menika, taksih katindakaken ngagem strategi konvensional satemah siswa asring ngalami kabosenan lan kirang greget. Kangge ngawekani bab kasebat, prelu wontenipun ewah-ewahan panganggenipun strategi pasinaon. Strategi ingkang dipunkajengaken inggih menika srategi *crossword puzzle.* Strategi menika asipat nglipur, ngremenaken lan saged nuwuhaken daya kreatifitas. *Crossword puzzle* ingkang sadangunipun menika kaisi kanthi tetembungan ngangge aksara latin, wonten pasinaon Basa Jawi dipuncobi ngangge aksara Jawi. Angkahipun panaliten inggih menika kangge nguningani wonten mbotenipun benten asil sinau kelas VIII salebetipun pasinaon Basa Jawi materi maos lan nyerat wacana aksara Jawa antawisipun ingkang ngetrapaken strategi *crossword puzzle* kalihan ingkang konvensional.

Populasi wonten panaliten menika gunggungipun 56 siswa kelas VIII SMP N 2 Mojotengah ingkang kapantha dados kalih kelas inggih menika 26 sampel saking kelas VIIIB lan 26 sampel saking kelas VIIIC. Desain eksperimen ingkang karancang inggih menika *quasi experimental design* kanthi model *nonequivalent control group design.* Wondene analisis statistik ingkang kaginakaken inggih menika korelasi *product moment* kangge uji validitas lan *cronbach's alpha* kangge uji reliabilitas instrumen. Metode *Lilliefors* kangge nguji normalitas data, metode *independent samples t test* kangge uji homogenitas lan uji t kangge hipotesis. Sedaya pangetangipun angka kaolah nganggge program SPSS versi 16. Asil penaliten mratelakaken bilih rerata biji tes kawitan wonten kelas eksperimen inggih menika 47,94 lan kelas kontrol 45,12, dene rerata biji tes pungkasan wonten kelas eksperimen 78,73 lan kelas kontrol 67,67. Kanggge asil uji t nedahaken bilih biji t hitung = 2,374 lan signifikansinipun 0,021. Harga t tabel kanthi dk = 52 lan α = 0,025 inggih menika 2,007. Bab menika ateges t hitung >t tabel (2,374 >2,007) utawi signifikanipun 0,021 < 0,025, satemah saged kadudut bilih wonten benten ingkang asipat signifikan asil sinau Basa Jawi materi maos lan nyerat wacana aksara Jawi antawisipun siswa kelas VIIIB SMP Negeri 2 Mojotengah ingkang pikantuk pasinaon kanthi strategi *crossword puzzle* lan kelas VIIIC ingkang taksih ngangge strategi konvensional. Kanthi mekaten kaprayogakaken dhateng dwija supados ngetrapaken strategi *crossword Puzzle* anggenipun nindakaken pasinaon materi kasebat.

Wosing Tembung : Maos, Nyerat, Strategi *Crossword Puzzle*, lan asil sinau

ABSTRAK

Yantilah. *Efektifitas Strategi Crossword Puzzle Untuk Meningkatkan Keterampilan Membaca dan Menulis Wacana Aksara Jawa, Studi Eksperimen di Kelas VIII Semester 2 SMP N 2 Mojotengah, Wonosobo Tahun 2015-2016.* Tesis. Program Studi Pendidikan Bahasa, Program Pascasrjana, Universitas Widya Dharma Klaten. 2017.

Salah satu mata pelajaran muatan lokal yang diajarkan di sekolah menengah di provinsi Jawa Tengah adalah Bahasa Jawa. Pada pembelajaran Bahasa Jawa, khususnya di SMP Negeri 2 Mojotengah, guru masih menerapkan strategi konvensional sehingga siswa sering mengalami kebosanan. Sehubungan dengan hal tersebut maka perlu dilakukan perubahan dalam berbagai hal yang antara lain berupa strategi pembelajaran. Dengan perubahan strategi pembelajaran diharapkan siswa dapat mencapai hasil belajar yang optimal. Salah satu strategi pembelajaran yang dimaksud adalah strategi *crossword puzzle.* Strategi ini memungkinkan siswa dapat belajar secara optimal, karena menyenangkan dan menyerupai bermain tebak kata melalui teka-teki silang. Tujuan penelitian ini yaitu mengetahui ada tidaknya perbedaan hasil belajar siswa kelas VIII dalam mata pelajaran Bahasa jawa materi Membaca dan menulis wacana aksara Jawa antara yang menerapkan strategi *crossword puzzle* dan yang konvensional.

Populasi dalam penelitian ini yaitu siswa kelas VIII SMP Negeri 2 Mojotengah sebanyak 56 siswa yang terbagi menjadi dua kelas, dengan 26 sampel dari kelas VIIIB dan 26 sampel dari VIIIC. Desain eksperimen yang digunakan dalam penelitian ini yaitu *quasi experimental design* dengan *nonequivalent control group design.* Analisis statistik yang digunakan yaitu korelasi *product moment* untuk uji validitas dan *cronbach's alpha* untuk uji reliabilitas instrumen. Metode *Lilliefors* untuk menguji normalitas data, metode *independent samples t test* untuk uji homogenitas dan uji t untuk uji hipotesis. Semua penghitungan tersebut diolah dengan menggunakan program SPSS versi 16. Hasil penelitian menunjukkan rerata nilai tes awal pada kelas eksperimen 47,94 dan kelas kontrol 45,12, sedangkan untuk rerata nilai tes akhir pada kelas eksperimen 78,73 dan kelas kontrol 67,67. Untuk hasil uji t menunjukkan bahwa nilai t hitung = 2,374 dan signifikannya sebesar 0,021. Harga t tabel dengan dk = 52 dan α = 0,025 yaitu 2,007. Hal ini berarti t hitung >t tabel (2,374 >2,007) atau signifikannya 0,021 < 0,025, sehingga dapat disimpulkan ada perbedaan secara signifikan hasil belajar Bahasa Jawa materi membaca dan menulis aksara Jawa antara siswa kelas VIIIB SMP Negeri 2 Mojotengah yang mendapatkan pembelajaran dengan menerapkan strategi *crossword puzzle* dan kelas VIIIC yang menerapkan strategi konvensional. Dengan demikian, disarankan kepada guru supaya menerapkan strategi *crossword Puzzle* dalam melaksanakan pembelajaran materi tersebut.

Kata Kunci: Maos, Nyerat, Strategi *Crossword Puzzle*, lan asil sinau

ABSTRACT

Yantilah. Effective Strategy on Crossword Puzzle to Develop Reading and Writing Paragraph Skill in Javanese Letter. Experimental Study on Grade 8, second semester of Students of SMP N 2 Mojotengah Wonosobo, in 2015—2016. Thesis. Language Education Study Program, Graduate Program, Widya Dharma University Klaten. 2017.

One of the local subject lessons in high school level on Central Java Province is Javanese language. The lesson, particularly in SMP Negeri 2 Mojotengah, is applied by teacher using conventional strategy in which the students feel bored. Therefore, it needs to change the lesson strategy in order to improve students‘ marks more optimal than the previous ones. One of the lesson strategies is applying crossword puzzle. It can stimulate students to comprehend more optimal, for it is pleasant and is like word guess through crossword puzzle. The aim of the research is to find out differences of study activities result of students of VIII grade in Javanese language subject on reading and writing paragraph in Javanese letter by applying crossword puzzle and convention strategies.

Population in this research was 56 students of VIII grade, SMP Negeri 2 Mojotengah. They were from two classes with 26 samples of VIII B class and 26 samples of VIII C class. The experiment design used in this research was *quasy experimental* design with non-equivalent control group design. The statistic analysis used was product moment correlation for validity and *cronbach's alpha* test for instrument reliability test. Testing data normality used *Liliefors* method, while homogeneity and t test for hypotheses test used *independent samples t test* method. All the calculation shows initial test value average on experimental class 47,94 and control class 45,12, while for final test value average on experiment class 78,73 and control class 67,67. For t test result shows that value of t count=2,374 and its significance amount 0,021. Value of t table with dk=52 and α = 0,025 is 2,007. It means t count >t table (2,374>2,007) or its significance 0,021 < 0,025, so the conclusion says that there is differences significantly of the result to study Bahasa Jawa with the material, reading and writing paragraph in Javanese letter among students of VIII B class in SMP Negeri 2 Mojotengah who obtained lesson by applying crossword puzzle strategy and VIII C class who applying conventional strategy. Thus, it is suggested to teacher to apply crossword puzzle in teaching the material.

Keywords: Maos, Nyerat, Crossword Puzzle strategy, study result.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Standar Kompetensi lan Kompetensi Dasar Tingkat SMP wonten Permendiknas Nomor 22 Tahun 2006 ngengingi Standar Isi kangge Satuan Pendidikan Dasar lan Menengah mratelakaken bilih muatan lokal mujudaken kegiatan kurikuler kangge ngrembakakaken kompetensi ingkang dipunselarasaken kalihan ciri khas lan potensi dhaerah kasebat (Depdiknas, 2006:9). Muatan lokal ingkang dipunrembakakaken salabetipun piwucal tataran SMP wonten ing Provinsi Jawa Tengah inggih menika Basa Jawi. Panetepan menika kanthi lelandhesan Serat Kekancingan Gubernur Jawa Tengah Nomer 423.5/5/2010 bab kurikulum pasinaon muatan lokal (Basa Jawi) kangge tataran SD/SDLB/MI, SMP/SMPLB/MTs, SMA/SMALB/SMK/MA negeri lan swasta Provinsi Jawa Tengah minangka upados nanemaken budi pakerti lan panguwaosipun basa Jawi tumrap siswa SD/SDLB/MI, SMP/SMPLB/MTs, SMA/SMALB/SMK/MA negeri lan swasta Provinsi Jawa Tengah.

Pasinaon Basa Jawi salebetipun pawiyatan kaangkah kangge nanemaken kasantunan, alusipun raos-pangraos lan budi pakerti lumantar aspek nyemak, wicanten, maos, lan nyerat. Salah satunggalipun ancas wonten ing aspek maos lan nyerat inggih menika siswa saged maos lan nyerat wacana aksara Latin lan aksara Jawi kanthi lancar. Emanipun, ancas menika dumugi sakmenika dereng saged kagayuh kanthi maremaken. Kosok wangsulipun, pasinaon Basa Jawi bab maos lan nyerat aksara Jawi malah kados dipunsirik dening siswa.

Wonten salebetipun pawiyatan, kathah siswa sakmenika ingkang mboten paham aksara Jawi. Menawi dipunjingglengi kanthi premati, kirang nglegewanipun siswa dhateng aksara Jawi kathah jalaranipun. Bab ingkang njalari menika yektosipun saged kaperang dados kalih inggih ingkang asipat intern magepokan kalihan bab aksara Jawi menika piyambak lan ingkang asipat ekstern magepokan kalihan samukawis sanjawinipun prakawis intern.

Prekawis asipat intern ing antawisipun: 1) wujudipun aksara Jawi saperangan meh sami antawisipun satunggal lan satunggalipun satemah anggenipun siswa ngapalaken asring kuwolak-walik, 2) panyeratipun ukara aksara Jawi mboten ngangge spasi kadosdene aksara Latin, satemah nalika dipunwaos kadhangkala ndadosaken giruh anggenipun medhot tembung, 3) pasangan aksara Jawi wonten ingkang mapan sangandhapipun aksara lan wonten ugi ing sandhingipun aksara, 4) sandhangan aksara Jawi utaminipun wulu, pepet lan taling asring ndadosaken ewed tumrapipun siswa anggenipun mbentenaken, 5) panyeratipun tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun (Purwadi, 2012:86) kedah migatosaken lingganipun, 6) panyeratipun tembung dwipurwa inggih menika tembung ingkang karangkep perangan purwa lingganipun (Purwadi, 2012:117) benten antawisipun seratan latin lan seratan Jawinipun.

Prekawis asipat ekstern sesambetan kalihan bab aksara Jawi kados ta : 1) kathah dwija basa Jawi ingkang kirang paham bab tata cara panyeratipun aksara menika satemah anggenipun mucal kirang mumpuni. Ingkang mekaten menika nate dipuntliti dening BAPPEDA DIY ingkang ngasilaken dudutan bilih 93% guru SD lan SMP kirang trep nalika nyukani piwucal gegayutan aksara Jawi, 2) aksara Jawi awis-

awis kapanggihaken wonten papan-papan umum minangka slogan, semboyan, wacan utawi sanesipun satemah siswa nganggep kirang utawi malah mboten wigatos, 3) sarana sinau bab aksara Jawi kados dene buku waosan, piranti paraga, video utawi sanesipun kalebet ewed pinanggih utaminipun wonten kitha-kitha alit kalebet Wonosobo.

Prakawis intern lan ekstern magepokan kalihan ngrembakanipun aksara Jawi ingkang saya dangu malah saya mrihatosaken menika kedah dipunpadosi cara anggenipun ngawekani amrih aksara tilaran leluhur menika saged lestantun dumugi kapan kemawon.

Prakawis intern lan ekstern bab aksara Jawi magepokan kalihan Kompetensi Dasar maos lan nyerat aksara Jawi ugi dumados wonten pasinaon basa Jawi SMP Negeri 2 Mojotengah sadangunipun menika.

Siswa kelas 7 kathah ingkang nyukani katrangan bilih nalika wonten SD mboten dipunwucal kanthi temen bab aksara Jawi satemah piwucal wonten SMP kedah dipunambali saking kawitan kamangka wekdal pepanggihan satunggal minggunipun namung 2 jam piwulang. Menika ateges kangge nakyinaken kasagedan siswa anggenipun ngapalaken wujud-wujudipun aksara Jawi kedah ngangge cara-cara tartamtu.

Alokasi wekdal pasinaon basa Jawi ingkang winates sanget kadhangkala ndadosaken dwija anggenipun nyukani piwucal lajeng asring wangsul migunakaken cara-cara konvensional malih, tegesipun piwucal salebetipun kelas langkung dipundhominasi dwija, dene greget sumengkudipun lare kirang dipungatosaken. Wonten salebetipun pamucal, dwija langkung asring nyukani pitedah, andharan lan

pungkasanipun nyukani tugas, kanthi mekaten lare awis-awis dipunsukani kalodhangan kangge taken, nlesih menapa dene ngrembakaken gagasan kreatifipun satemah asil pasinaon lare taksih tebih saking ingkang dipunkajengaken.

Winatesipun wekdal kangge nyinau Kompetensi Dasar maos lan nyerat aksara Jawi ugi dumados wonten tataran kelas 8 lan kelas 9. Menika langkung ewed malih tumrap siswa amargi ingkang dipunsinau mboten sadremi bab ukara nanging langkung inggil inggih menika magepokan kalihan pada utawi paragraf. Menawi siswa mboten nggadhahi dhasar apal wujud-wujud lan tata cara panyeratipun aksara Jawi temtu badhe langkung kethetheran.

Adhedhasar kawontenan pasinaon aksara Jawi ingkang kados mekaten menika, pramila prelu dipuncobi pangagemipun satunggaling strategi pasinaon ingkang saged nuwuhaken 1) sumengkudipun siswa anggenipun nyinau aksara Jawi, 2) kreatifitas siswa, 3) kalodhangan dhateng siswa supados gampil paham, 4) remen lan marem kangge dwija anggenipun nyukani piwucal. Kanthi strategi mekaten kaajab pasinaon aksara Jawi saged lumampah langkung greget lan sigrak.

Strategi ingkang cobi dipuntrapaken kangge ngewahi pasinaon inggih menika kanthi ngecakaken pangangggenipun *crossword puzzle* salebetipun pasinaon.

Crossword puzzle inggih menika satunggalipun teka-teki tembung wonten salebetipun kotak cemeng lan pethak ingkang awujud presegi ingkang pangisenipun miturut pitedah tinamtu kanthi cara manengen utawi mandhap (Claire, 2010:6).

Crossword puzzle utawi teka-teki silang (TTS) miturut basa Indonesia, asring kapanggihaken wonten ari warti menapa dene kala warti. Wonten media-media menika *Crossword puzzle* utawi TTS kaserat ngangge aksara latin, dene wangsulan ingkang kedah dipunisekaken salebetipun kotak sae manengen utawi

mandhap adatipun gayutan kalihan seserepan ingkang sipatipun umum kadosdene kawruh sosial, agami, saint, lan sanes-sanesipun.

1. a	2. r	j	3. u	n	a	s	a	4. s	r	a						
	a		r					A			5. a	6. n	i	l	A	
	h		a		7.a		8. a	M	b	a		a				9. k
	10. w	a	n	a	r	a		B				r				u
	a		g		g		11. g	O	12. t	a	m	a		13. a		r
14. a	n	t	a	g	a				a			15. d	u	r	N	a
	a		y				16. g	U	r	u		a		i		w
		17. k	u	n	t	i			a					m		a
		e						18. s						b		
		19. k	u	r	u	k	S	E	t	r	a			i		
		a						T								
	20. a	y	o	d	y	a		a								
		i														

Manengen 1. Raja maespati 5. Putra Narada 8. kembaran Ambalika 10. kera 11. Suami Windradi 14. Nama lain Togog 15. Guru panah Arjuna 17. Ibu Pandawa 19. Tempat baratayuda 20 negara Rama

Mudhun 2. Dasamuka 3. Isteri bima 4. Putera bathara Guru 6. Mata selalu berkedip 7. gunung 8. 100 orang 12. isteri Subali 13. Isteri Arjuna 18. Putih

Gambar 1.1. Tuladha *Crossword puzzle* Aksara Latin

Crossword puzzle utawi TTS ingkang pangisenipun ngangge aksara Jawi sadangunipun menika dereng nate panaliti prangguli. Miturut panaliti, *Crossword puzzle* utawi TTS ingkang pangisenipun ngangge aksara Jawi efektif sanget kangge nyinau KD maos lan nyerat wacana aksara Jawi amargi saged nggampilaken siswa anggenipun nitiki wujud-wujudipun aksara Jawi lan tata cara penyeratipun. Kanthi langkung gampil siswa saged ngapalaken wujudipun aksara legena, pasangan, sandhangan, aksara swara lan aksara rekan ingkang kaserat utawi kedah kaserat

wonten setunggal mbaka setunggal kotak *Crossword puzzle* utawi TTS. Siswa ugi saged njingglengi kanthi premati pangrakitipun tembung lumantar aksara-aksara ingkang kaisi wonten kothak-kothak *Crossword puzzle* ingkang karacik sae manengen utawi mandhap.

1. wi	fu	r		2. bi					4. su
r			3. I	sM	y				m
t				p/			5. su	6. b	li
	7. X	sM	8. n	W	ti		s	Ssu	
	mB|		ku			10. k/		ku	
	A		9. l	k\	sM	n		nTi	
	nDi								
11. A	ni	12. l		13. [f		14. su/	ti	k	nTi
		15. r	m	Wi	j	y			
16. gu	w/	s		Si		17. pu	j	y	nTi
		ti		nT		t]			

Gambar 1.2. Tuladha *Crossword puzzle* Aksara Jawi

Sasampunipun apal bab wujud-wujudipun aksara Jawi, lajeng saged ngrakit tetembungan, temtu siswa lajeng langkung gampil anggenipun maos utawi nyerat ukara, pada utawi wacana aksara Jawi. Kanthi mekaten nalika dipunwontenaken evaluasi temtunipun saged nggayuh biji ingkang langkung sae lan jumbuh kalihan menapa ingkang dipunkajengaken dening dwija.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar andharan kados kaserat wonten ing nginggil, tintinganipun prakawis wonten panaliten menika saged kasebataken :

1. Pasinaon maos lan nyerat wacana aksara Jawi wonten Kelas 8 SMP Negeri 2 Mojotengah semester 2 taun 2015-2016 kirang greged satemah mboten narik kawigatosanipun siswa anggenipun nyinau materi kasebat.
2. Pasinaon maos lan nyerat aksara jawi sadangunipun menika mboten narik kawigatosanipun siswa malah kepara dereng saged ndadosaken siswa kelas 8 SMP Negeri 2 Mojotengah taun 2015-2016 paham satemah tansaya mrangguli kaewedan wonten tataran kelas salajengipun.
3. Pasinaon maos lan nyerat aksara Jawi tumrap siswa kela 8 SMP Negeri 2 Mojotengah taun 2015-2016 langkung asring migunakaken strategi konvensional inggih menika dwija langkung asring nyukani andharan, siswa dipunpeksa ngapalaken wujudipun aksara Jawi lan tundhanipun siswa kajibah nggarap tugas ingkang kapacak wonten lembar kerja.
4. Strategi *cossword puzzle* piguna tumprap indhakipun asil pasinaon siswa kelas 8 SMP Negeri 2 Mojotengah taun 2015-2016 bab maos lan nyerat aksara Jawi.
5. Asil pasinaon siswa kelas 8 SMP Negeri 2 Mojotengah Taun piwucal 2015-2016 antawisipun kelas ingkang pikantuk pasinaon ngangge strategi *crossword puzzle* kalihan kelas ingkang ngangge strategi konvensional inggih menika strategi pasinaon ingkang taksih nengenaken dwija anggenipun mucal lan kirang nyukani kalodhangan dhateng siswa anggenipun ngrembakakaken daya nalar lan kreatifitasipun.

C. Rumusaning Prekawis

Saking idhentitas prakawis ingkang kaserat wonten nginggil, prakawis wonten panaliten menika saged karumusaken kados mekaten.

Kados pundi bentenipun asil pasinaon siswa kelas 8 SMP Negeri 2 Mojotengah Taun piwucal 2015-2016 antawisipun kelas ingkang pikantuk pasinaon ngangge strategi *crossword puzzle* kalihan kelas ingkang taksih kawucal kanthi strategi konvensional ?

D. Ancasing Panaliten

1. Ancas Umum

Panaliten menika kaangkah kangge nguningani efektifipun strategi *crossword puzzle* menawi dipuntrapaken kangge pasinaon wonten ing kelas 8 SMP N 2 Mojotengah Taun 2015-2016

2. Ancas Khusus

Panaliten menika mliginipun kaangkah kangge nguningani wonten lan mbotenipun benten asil sinau siswa kelas VIII SMP Negeri 2 Mojotengah Taun Piwucal 2015-2016 ingkang pikantuk pasinaon mawi strategi *crossword puzzle* kalihan ingkang pasinaonipun taksih konvensional.

E. Mumpangating Panaliten

1. Guru

   Njembaraken kawruh bab kreatifitas cara mucal aksara Jawi dhateng siswa.

2. Siswa

   Saged nggugah gregetipun siswa kagem nyinau aksara Jawi lan saged medharaken daya kreatifitasipun

3. Sekolah

   Saged paring pambiyantu dhateng sekolah anggenipun ngindhakaken mutu pasinaon jumbuh kaliyan ngrembakanipun jaman.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Sasampunipun panaliten kalampah lan asilipun saged kauningan, panaliti saged ndudut bilih strategi *crossword puzzle* langkung efektif tinimbang strategi konvensional kagem nyinau maos lan nyerat aksra Jawi, kabukten kanthi asil tes pungkasan kelas eksperimen ingkang saged nggayuh rata-rata 78,73 dene kelas kontrol namung 67,67. Kejawi menika, asil uji t nedahaken bilih $t_{hitung} > t_{tabel}$ (2,374 >2,007).

B. Implikasi

Pasinaon maos lan nyerat wacana aksara Jawi ngangge strategi *crossword puzzle* ingkang kabukten langkung kasil tinimbang cara konvensional nggadhahi implikasi ingkang magepokan kalihan 1) pasinaon basa Jawi, 2) maos wacana aksara Jawi, 3) nyerat wacana aksara Jawi.

1. Pasinaon basa Jawi

   Pasinaon basa Jawi minangka pasinaon ingkang asipat muatan lokal (mulok) tumrapipun Provinsi Jawa Tengah mboten namung mligi nyinau bab basa lan unggah-ungguh kemawon. Materi ingkang kababar wonten pasinaon menika ugi ngemot babagan sastra, kawruh basa lan aksara Jawi.

   Tumrapipun para siswa SD, SMP menapa dene SMA ing jaman sakmenika, pasinaon basa Jawi kawastanan langkung ewed tinimbang pasinaon basa sanesipun kados ta basa Indonesia lan basa Inggris. Menika mboten nggumunaken jalaran basa Indonesia lan basa Inggris mboten nggadhahi unggah-ungguh basa ingkang premati, mboten nggadhahi materi tembang, bab kawruh basanipun langkung prasaja lan mboten nggadhahi aksara khusus inggih menika aksara Jawi.

Aksara Jawi ingkang wujudipun unik sadangunipun menika dados prakawis ewed tumrapipun siswa ingkang nalika SD mboten dipunwucal kanthi trep bab menika. Kamangka nalika siswa lulus saking tataran SD yektosipun kedah sampun apal wujud-wujudipun aksara legena, pasangan lan sandhangan satemah wonten tataran SMP lan SMA samangke sampun lancar anggenipun maos lan nyerat tembung, ukara utawi wacana aksara Jawi. Emanipun pangangkah kados mekaten menika mboten saged kagayuh amargi saperangan ageng siswa lulusan SD kasunyatanipun mboten paham.

Ewedipun pasinaon basa Jawi kangge siswa kados kagambaraken wonten nginggil saged kaudhari nalika lumantar pasinaon maos lan nyerat wacana aksara Jawi ingkang ngginakaken strategi *crossword puzzle* kasil ndadosaken siswa ingkang sakawit mboten saged utawi kirang paham bab aksara Jawi ewah dados saged lan paham dhateng materi kasebat. Kanthi indhaking pemahaman menika, sekedhik mbaka sekedhik saged mangaribawani tuwuhipun raos remen salebetipun diri siswa dhateng pasinaon basa Jawi. Kanthi mekaten strategi *crossword puzzle* kanthi mboten langsung mahanani tuwuhipun greged siswa mliginipun dhateng pasinaon basa Jawi lan racakipun dhateng pasinaon sanes.

2. Maos wacana aksara Jawi

Wonten jaman sakmenika, mboten kathah siswa ingkang nggadhahi karemenan dhateng aktifitas maos sae maos buku, majalah, koran utawi waosan-waosan sanes. Menawi waosan-waosan ingkang kaserat ngangge aksara latin, aksara ingkang meh sedaya tiyang paham, menika kemawon sampun mboten nggadhahi daya tarik tumrapipun siswa, menapa malih waosan-waosan ingkang

kaserat ngangge aksara Jawi. Siswa ingkang mboten paham aksara Jawi temtunipun wegah malah kepara nyirik dhateng waosan-waosan kasebat.

Kawontenan kados menika ewah nalika lumantar pasinaon maos wacana aksara Jawi ingkang ngginakaken strategi *crossword puzzle* kasil ndadosaken siswa ingkang sakawit mboten prigel maos wacana aksara Jawi ewah dados prigel. Kaprigelan menika temtunipun mangaribawani tuwuhipun raos remen siswa dhateng kapribaden remen maos satemah mboten namung waosan ingkang kaserat ngangge aksara Jawi kemawon ingkang dipunremeni nanging ngrembaka dhateng waosan sanes ingkang kaserat ngangge aksara latin sae ingkang abasa Jawi, Indonesia menapa dene basa manca.

3. Nyerat wacana aksara Jawi

Kathah siswa jaman sakmenika ingkang kirang remen lan kirang prigel bab pasinaon nyerat mliginipun nyerat wacana aksara Jawi. Pasinaon menika panci mboten saged kanthi otomatis dipungadhahi dening soksintena kemawon tanpa kawiwitan apal wujud-wujud lan tata cara penyeratipun aksara Jawi. Aksara Jawi panci nggadhahi wujud-wujud ingkang kepara mbengetaken amargi antawisipun aksara setunggal lan setunggalipun meh sami. Ingkang kados mekaten temtunipun mahanani siswa ingkang mboten tlatos dados wegah nyinau bab menika. Kanthi strategi *crossword puzzle*, siswa dipungladhi nyerat setunggal mbaka setunggal aksara Jawi jangkep kalihan pasangan lan sandhangan ingkang kabetahaken wonten salebetipun kotak *crossword puzzle*. Nalika nyerat dhateng kotak-kotak kasebat siswa kapurih sinambi nyetiti lan ngemut-emut wujudipun aksara. Kanthi strategi mekaten pratela siswa lajeng rumaos gampil

anggenipun ngapalaken aksara Jawi lan tundhanipun sekedhik mbaka sekedhik saged nyerat tembung, ukara lan langkung inggil malih inggih menika wacana.

C. Saran

1. Kangge nggladhi kasagedan siswa bab maos wacana aksara Jawi, dwija prayoginipun nyobi ngetrapaken strategi *crossword puzzle* ingkang sampun kaiisi ngangge tetembungan aksara Jawi. Salajengipun, siswa kadhawuhan nyebataken aksara mbaka aksara jangkep kalihan pasangan lan sandhanganipun ingkang mapan ing saben kotak. Aksara- aksara ingkang sampun kasebataken kanthi leres menika lajeng karakit dados tembung. Kanthi cara menika, siswa ingkang sakawit dereng paham aksara Jawi ewah dados paham dene siswa ingkang sampun paham mindhak dados trampil. Proses pasinaon ingkang kados mekaten menika temtu mahanani asil pasinaon ingkang langkung maremaken tinimbang pasinaon ingkang sipatipun konvensional utawi teoretis.
2. Kados dene wonten bab maos wacana aksara Jawi, strategi *crossword puzzle* ugi prayogi sanget dipuntrapaken kangge nggladhi siswa bab nyerat wacana aksara Jawi. Dwija nyumadyakaken kotak *crossword puzzle* ingkang kosong ingkang kedah kaiisi dening siswa ngangge tetembungan awujud aksara Jawi ingkang jangkep lan trep amrih saged nyambung antawisipun tembung setunggal lan setunggalipun. Kanthi proses mekaten, siswa saged nyetiti lan ngapalaken wujudipun aksara Jawi kangge nyerat wanda-mbaka wanda satemah karakit dados tembung. Sasampunipun trampil nyerat tembung, siswa saged ngrembakaken kasagedanipun kangge nyerat wacana aksara Jawi. Kanthi mekaten, pasinaon siswa bab nyerat wacana aksara Jawi ngangge strategi

crossword puzzle temtu langkung sae tinimbang pasinaon ingkang taksih teoretis.

3. Asil panaliten maos lan nyerat wacana aksara Jawi wonten kelas 8 SMP N 2 Mojotengah semester 2 tahun 2015-2016 nedahaken indhak-indhakan ingkang signifikan sasampunipun kawucal ngangge strategi *crossword puzzle*. Kagayuhipun indhak-indhakan menika miturut panaliti langkung kasababaken dening kaanan siswa ingkang manggen wonten tlatah padhusun ingkang taksih awis-awis pikantuk pasinaon kanthi cara-cara kreatif. Asil pasinaon maos lan nyerat wacana aksara Jawi kanthi ngecakaken strategi *crossword puzzle* ingkang ngalami ewah-ewahan signifikan menika dereng tamtu saged kagayuh menawi dipuncakaken dhateng sekolah-sekolah sanes ingkang kondisinipun benten bab pendidikan kulawarga, sosial, ekonomi, lan pasrawunganipun. Wonten panaliten menika, panaliti panci mboten nengenaken bab-bab menika satemah panaliti nglenggana bilih asil panaliten menika kawastanan asipat intern salebetipun wewengkon kelas 8 SMP N 2 Mojotengah semester 2 taun 2015-2016 kemawon. Amrih saged nguningani sae mbotenipun strategi *crossword puzzle* kangge nyinau maos lan nyerat wacana aksara Jawi, panaliti nyengkuyung wontenipun panaliten sanes ingkang migatosaken bab-bab sanes ingkang asipat ekstern.

KAPUSTAKAN

Alwi, Suparman. 1999. *Desain Instruksional*. Jakarta : PAU-PPAI Universitas Terbuka

Arifin, Zaenal. 2009. *Evaluasi Pembelajaran, Prinsip, Teknik, Prosedur*. Bandung: Rosdakarya.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian, Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta.

Aqib, Zaenal. 2015. *Model-Model, Media dan Strategi Pembelajaran Kontekstual (Inovatif)*. Bandung : Yrama Widya.

Babayemi, J.O Akinsola, M.K. 2014. *Effects of Crossword Picture Puzzle teaching Strategy and Mental Ability on students' Achievement in Basic ScienceIn Southwestern Nigeria*. IOSR Journal of Research & Method in Education (IOSR-JRME)e- ISSN: 230-7388,p ISSN: 2320-737X Volume 4, 2014, PP 08-13. www.iosrjournals.org diakses 20 Januari 2017 pk. 10.00 WIB

Basuki, Ismet dan Hariyanto. 2016. *Asesmen Pembelajaran*. Bandung : Rosdakarya.

Brown, H.Douglas. 2007. *Prinsip Pembelajaran dan Pengajaran Bahasa*. USA : Pearson Education Inc.

Burhanudin dan Esa Nur Wahyuni. 2007. *Teori Belajar dan Pembelajaran*. Jogjakarta : Ar Ruzz Media.

Cahyo, Agus N. 2013. *Panduan Aplikasi Teori Belajar Mengajar*. Yogyakarta : Diva Press.

Claire, Elizabeth. 2010. *Easy English Crossword Puzzle*. United States of America : Eardley Publications Saddle Brook.

Farris, Pamela J. 1993. *Language Arts. A process Appproach*. Wisconsin: Brown & Bencmark Publisers.

Henry, Samuel. 2010. *Cerdas Dengan Game*. Jakarta : Gramedia Pustaka Utama.

Hidayatullah, M.Furqon. 2009. *Guru Sejati, Membangun Insan Berkarakter Kuat dan Cerdas.* Surakarta : Yuma Pustaka.

Maonde, Faad. 2011. *Aplikasi penelitian Eksperimen dalam Bidang pendidikan dan Sosial*. Kendari : Unhalu Press.

Namara, Danielle S. Mc. 2005. The *Importance of Teaching Reading Strategies*. House of Commons education and Skills Committee Teaching Children to Read. Eighth Report of Session 2004 –05. Diakses tgl 23 januari 2017 pk 09.00 WIB.

Nurgiantoro, Burhan. 2013. *Penilaian Pembelajaran Bahasa Berbasis Kompetensi*. Yogyakarta : BPFE

Prastowo, Andi. 2012. *Panduan Kreatif Membuat Bahan Ajar Inovatif*. Jogjakarta : Diva Press.

Purwadi, Mahmudi dan Nuning Zaidah. 2012. *Tata Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Pura Pustaka.

Rahchman, Maman. 2015. *5 Pendekatan Penelitian*. Yogyakarta : Magnum Pustaka Utama.

Semi, M.Atar. 2007. *Dasar-dasar Keterampilan Menulis*. Bandung : Angkasa.

Silberman. 2006. *Active Learning, 101 Cara Belajar Siswa Aktif*. Bandung : Nusamedia.

Slameto. 2010. *Belajar dan Faktor-faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta : Rineka Cipta.

Sudijono, Anas. 2014. *Pengantar Statistik Pendidikan*. Jakarta : Raja Grafindo Persada.

Sudjana, Nana dan Ibrahim. 2012. *Penelitian dan Penilaian Pendidikan*. Bandung : Sinar Baru Algensindo.

Sugar, Steve dan Kim Kontoroski Sugar. 2002. *Primary Games*. San Fransisco : Jossey-Bass.

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif dan R&D*. Bandung : Alfabeta.

Sukmadinata, Nana Syaodih. 2013. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung : Remaja Rosdakarya.

Suryanto, Adi dan Tedjo Djatmiko. 2011. *Evaluasi pembelajaran*. Jakarta : Universitas Terbuka.

Suryosubroto,B. 2009. *Proses Belajar Mengajar di Sekolah*. Jakarta : Rineka Cipta

Suwanda. 1996. *Desain Eksperimen*. Bandung : Alfabeta.

Syafi‘ie, Imam. 1999. *Pengajaran Membaca di Kelas – kelas Awal Sekolah Dasar*. Pidato Pengukuhan Guru Besar dan Ilmu Pengajaran Bahasa Indonesia pada Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni yang Disampaikan pada sidang Terbuka Senat Universitas Negeri malang, tanggal 17 Desember 1999.

Tarigan, Henry Guntur. 2008a. *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan*. Bandung : Angkasa.

_____. 2008b. *Membaca Sebagai Suatu Keterampilan*. Bandung : Angkasa.

Thobroni, M. 2016. *Belajar dan Pembelajaran*. Yogyakarta : Ar-Ruzz Media.

Tofani, Muchyar Abi. 2013. *Mengenal Wayang Kulit Purwa*. Surabaya : Pustaka Agung Harapan.

Togotorop, Erikson. 2015. *Teaching Writing with a Web Based Collaborative Learning*. International Journal of Economics and Financial Issues, 5(Special Issue) 247-256. Dikses 20 Januari 2017 pk. 10.15WIB.

Wahyudi, Agus. *Maca Aksara Jawa Iku Gampang*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Zaini, Hisyam, Bermawy Munthe dan Sekar Ayu Aryani. 2008. *Strategi Pembelajaran Aktif*. Yogyakarta : Pustaka Insan Madani